



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRE ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tès ak tretman

Yo te rapòte 14 lanmò nan tout eta a yè

Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19 epi mete aksan sou mezi debaz yo ka pran pou pwoteje kont pwopagasyon enfeksyon viris respiratwa ki vin pi komen nan sezon ivè a.

"Mwen ankouraje tout Nouyòkè pou yo rete vijilan epi pou yo kontinye sèvi ak tout zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominote yo an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Rete ajou nan dòz vaksen yo, epi asire ou fè tès anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

Gouvènè Hochul ap [ankouraje](#) Nouyòkè yo tou pou yo pran mezi prevansyon komen yo — tankou rete ajou sou vaksen yo ak pratike bon ijyèn — pou pwoteje kont grip ak COVID-19 epi redwi fado pasyan yo sou lopital lokal yo. Gouvènè a te repete etap debaz sa yo lè li te bay Nouyòkè yo [mizajou](#) sou efò preparasyon eta pou sante pandan sezon ivè sa a.

Semèn pase a, Depatman Sante Eta New York te lanse yon nouvo [kanpay 12 semèn](#) nan televizyon, rezo sosyal ak sèvis difizyon pou ankouraje Nouyòkè yo ki gen pwoblèm medikal pou yo rekonèt enpòtans pou yo pran ak rete ajou avèk dòz rapèl bivalan COVID-19 yo rekòmande a pou evite gwo maladi oswa lanmò. Pwoblèm sa yo gen ladan, gen 65 ane oswa plis, ansent, obèz, dyabetik oswa soufri maladi kè oswa nan poumon oswa gen yon sistèm iminitè ki fèb.

Anplis de sa, Depatman Sante a te pibliye [rapò siveyans grip chak semèn](#) li an pou semèn k ap fini nan 18 fevriye, ki montre grip la rete gaye jewografikman toupatou nan eta a pandan ventyèm semèn konsekitif, avèk yon total 315,732 ka pozitif nan 57 konte yo ke yo rapòte. Rapò a te jwenn tou ke ka yo ki konfime nan tout eta a te diminye 5

pousan nan 2,471 pou semèn lan, alòske kantite moun ki entène lopital an jeneral te ogmante 3 pousan nan semèn anvan an, avèk 144 moun ki entène lopital atravè eta a.

Te gen twa epidemi nan enstalasyon swen avanse ak swen alontèm yo, ke rapò a te detèmine. Pa te gen yon lanmò pedyatri ki asosye avèk grip la yo rapòte pou semèn nan, pou yon total 10 nan tout eta a.

Avèk sezon grip la k ap kontinye, Gouvènè Hochul ap raple tout Nouyòkè yo ke li pa twò ta pou yo pran vaksen anyèl pa yo kont grip la. Viris grip la ak viris ki lakòz COVID-19 la ap pwopaje ansanm, kidonk pran vaksen kont tou de se pi bon fason pou rete an sante epi pou evite plis estrès nan sistèm swen sante a.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ap kontinye [kanpay edikasyon piblik anyèl](#) li, ki raple granmoun ak paran yo pou yo pran vaksen kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa ak plis. Pou enfòmasyon sou klinik vaksen kont grip la, [kontakte depatman sante lokal la](#) oswa vizite [vaccines.gov/find-vaccines/](https://www.vaccines.gov/find-vaccines/).

Gouvènè Hochul kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 pa yo. An desanm lan, Depatman Sante Eta New York la te anonse [nouvo konsèy](#) pou dòz rapèl bivalan COVID-19 yo, ki disponib kounye a pou timoun ki elijib ki gen jiska 6 mwa.

Dòz rapèl ki ajou yo se premye ki sible pou souch viris orijinal la ak varyant ki fèk ap sikile yo epi yo rekòmande yo pou jèn Nouyòkè yo ak tout moun ki elijib yo. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov/); tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun - 9.99**
- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou - 7.62**
- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo - 52,282**
- **Total Pozitif - 1,952**
- **Pousantaj Pozitif - 3.47%****
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou - 3.10%****
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital - 1,758 (-66)**
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entène - 253**
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) - 189 (-10)**
- **Pasyan nan ICU avèk Entibasyon - 71 (+1)**
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat - 404,195 (+293)**
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 14**
- **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 61,884**

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tè la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

Nòt Enpòtan: Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tè ki itilize tè antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif yo. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tè PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tè yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

- **Total ka lanmò CDC a rapòte epi konpile - 78,690**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt kote ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

Rejyon	Lendi 27 fevriye 2023	Madi 28 fevriye 2023	Mèkredi 1 mas 2023
Capital Region	9.98	9.45	9.32
Central New York	10.80	11.15	10.67
Finger Lakes	10.14	9.92	10.12
Long Island	7.20	6.80	7.07
Mid-Hudson	8.41	8.02	7.40
Mohawk Valley	10.74	10.13	8.77
New York City	6.06	5.92	5.92
North Country	15.14	14.12	14.53
Southern Tier	13.31	12.68	12.25
Western New York	10.13	9.97	9.60
Nan tout Eta a	7.99	7.73	7.62

Pousantaj rezilta tè pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa**:

Rejyon	Lendi 27 fevriye 2023	Madi 28 fevriye 2023	Mèkredi 1 mas 2023
Capital Region	6.03%	5.97%	6.05%
Central New York	6.04%	6.19%	5.89%
Finger Lakes	6.30%	6.16%	6.16%
Long Island	2.95%	2.87%	2.77%
Mid-Hudson	2.34%	1.88%	2.13%
Mohawk Valley	6.12%	5.69%	5.30%
New York City	2.05%	2.02%	1.99%
North Country	8.40%	8.49%	8.19%
Southern Tier	7.08%	6.95%	6.69%
Western New York	9.95%	10.00%	9.63%
Nan tout Eta a	3.24%	3.06%	3.10%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tè s la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Pousantaj rezilta tè s pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa **:

Minisipalite nan NYC	Lendi 27 fevriye 2023	Madi 28 fevriye 2023	Mèkredi 1 mas 2023
Bronx	2.09%	2.01%	1.97%
Kings	1.59%	1.60%	1.58%
New York	2.60%	2.55%	2.54%
Queens	2.42%	2.31%	2.21%
Richmond	2.23%	2.41%	2.47%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tè s la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Yè, te gen 1,952 Nouyòkè ki te teste pozitif pou COVID-19 nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin se 6,624,377. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	79,252	37
Allegany	10,858	3
Broome	59,093	28
Cattaraugus	19,368	9
Cayuga	20,612	10
Chautauqua	29,658	11

Chemung	26,797	22
Chenango	11,882	-
Clinton	22,864	38
Columbia	14,016	10
Cortland	13,528	12
Delaware	10,231	2
Dutchess	85,347	17
Erie	270,738	92
Essex	7,784	6
Franklin	12,184	10
Fulton	16,723	7
Genesee	16,686	3
Greene	11,108	9
Hamilton	1,104	-
Herkimer	17,585	4
Jefferson	27,409	5
Lewis	7,400	1
Livingston	14,486	11
Madison	16,931	5
Monroe	193,273	103
Montgomery	15,132	6
Nassau	550,386	146
Niagara	59,935	41
NYC	3,087,516	681
Oneida	69,523	18
Onondaga	143,438	50
Ontario	26,348	20
Orange	140,561	31
Orleans	10,636	3
Oswego	34,878	12
Otsego	13,400	3
Putnam	31,748	5
Rensselaer	42,049	29
Rockland	119,095	29
Saratoga	61,901	15
Schenectady	43,977	23
Schoharie	6,634	2
Schuyler	4,349	4
Seneca	7,728	9
St. Lawrence	26,493	27
Steuben	25,471	13
Suffolk	569,170	184

Sullivan	24,804	4
Tioga	14,151	3
Tompkins	26,791	20
Ulster	43,474	10
Warren	19,050	7
Washington	15,985	12
Wayne	22,047	16
Westchester	336,332	69
Wyoming	9,993	5
Yates	4,465	-

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
Capital Region	129	75	58.1%	54	41.9%
Central New York	74	33	44.6%	41	55.4%
Finger Lakes	237	81	34.2%	156	65.8%
Long Island	250	121	48.4%	129	51.6%
Mid-Hudson	178	58	32.6%	120	67.4%
Mohawk Valley	47	27	57.4%	20	42.6%
New York City	551	215	39.0%	336	61.0%
North Country	56	32	57.1%	24	42.9%
Southern Tier	67	18	26.9%	49	73.1%
Western New York	169	71	42.0%	98	58.0%
Nan tout Eta a	1,758	731	41.6%	1,027	58.4%

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: [Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](#).

Yè, te gen 14 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 61,884. Yon repatisyon jewografik se konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Erie	3
Kings	1
Monroe	1
Montgomery	1
Nassau	1
Oneida	2
Onondaga	1
Putnam	1
Suffolk	1
Westchester	2
Montan Total	14

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante rural yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran ak responsab yo ka vizite [vaccines.gov](#), voye mesaj ak tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele [1-800-232-0233](#) pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)